

Vil Cambridge
Règleman Pwogram Jaden Kominotè
Revize an 2025

1. Pwogram Jaden Kominotè Cambridge la se pou rezidan Cambridge sèlman. Nenpòt moun ki enterese pou gen yon teren dwe soumèt yon aplikasyon.
2. Yon aplikan ka aplike pou espas lan jiska 3 jaden nan lòd preferans. Akòz gwo demann pou espas jaden, chak aplikan ka vin yon manm nan yon jaden kominotè.
3. Kowòdonatè jaden yo distribye teren yo bay aplikan yo nan lòd lis datant lan. Vil la ajoute aplikan yo nan lis datant lan lè yo resevwa aplikasyon konplè.
4. Aplikan yo rete sou lis datant pou tout vil la jiskaske yon teren vin disponib. Yon fwa yon jadinye aksepte yon teren, Vil la retire li nan tout lis datant yo.
5. Sonje gen kèk jaden ki jaden an gwoup, epi gen lòt yo divize an pasèl epi atribye yo. Gade deskripsyon ki anba chak jaden sou sit entènèt la pou plis enfòmasyon.
6. Si yon jaden gen plis teren pase aplikan, manm yo ka pran swen teren ki pa itilize yo an ansanm.
7. Rezidan Cambridge ki gen yon andikap ki bezwen yon teren aksesib ap gen priorite pou yon teren jaden aksesib (pa egzanp, ranp ki wo). Nan nenpòt ane, si pa gen pèsonn ki andikape ki aplike pou yon teren aksesib nan chak jaden, yo ka bay yon aplikan ki pa andikape teren sa a, avèk antant klè ke y ap remèt teren sa a bay yon rezidan ki andikape nan lavni.
8. Chak ane, chak jaden dwe chwazi kowòdonatè (yo) li (yo), ki dwe yon jadinye nan jaden sa a. Kowòdonatè yo pran responsablite pou travay sa yo, epi petèt plis ankò:
 - oryante nouvo jadinye yo sou pwosedi operasyon yo
 - asire jadinye yo mete poubèl/fatra deyò chak semèn
 - òganize jou netwayaj
 - reponn kesyon
 - jere konfli
9. Kowòdonatè jaden yo ta dwe fè efò pou diminye tan datant aplikan yo lè yo:
 - Idantifye teren (yo) ki pa itilize/teren yo pa pran swen yo
 - Idantifye teren (yo) kominotè ke aplikan ki sou lis datant yo ka pran swen yo ansanm
 - Kreye teren (yo) patenarya ak jadinye ki deja egziste ki bezwen èd siplemantè

10. Jadinye yo dwe fè travay yo san danje. Èbisid ak pestisid pa otorize. Jadinye yo dwe itilize angrè dapre enstriksyon manifaktirè yo. Yo pa dwe janm kite angrè nan jaden an oswa san siveyans. Jadinye yo dwe estoke zouti yo nan yon depo oswa pote yo lakay yo, sof si Vil la apwouve otreman. Dwe genyen depo oswa lòt estrikti an konfòmite ak egzijans zònaj, konstriksyon ak selon otorizasyon Vil la.
11. Nan jaden kominotè ki fèk etabli yo, vil la ap ede ak planifikasyon teren an. Chemen yo (ak lòt zòn komen yo) ak enstalasyon awozaj (ak lòt karakteristik pataje) nan jaden kominotè yo dwe aksesib, an konfòmite avèk estanda Lwa Ameriken sou Andikap (ADA) ak Komisyon Aksè Achitekti Massachusetts (MAAB) epi yo dwe swiv prensip konsepsyon inivèsèl tout kote sa posib. Yon minimòm senk pousan (5%), men pa mwens pase yon pousan, nan teren jaden yo ki dwe gen ranp ki wo (minimòm 18 pous anlè tè a). Vil la ap enstale yon perimèt twa pye wotè, ak yon sèvis dlo ki apwopriye.
12. Jadinye yo dwe kenbe jaden yo pwòp, espesyalman pou dekouraje wonjè. Jadinye yo dwe fè de netwayaj jaden chak ane: nan kòmansman prentan ak nan fen otòn. Pandan sezon an, jadinye yo ta dwe retire move zèb nan jaden an. Yo ta dwe retire tou tout fwi/legim ki tonbe. Nan fen sezon an, jadinye yo dwe retire tout materyèl nan teren yo, tankou pikèt yo. Jadinye yo dwe koupe plant vivas ki deja egziste yo pou elimine yo, oswa omwen diminye abri yo.
13. Nan okenn sikonstans pèsonn pa dwe mete kadna nan jaden yo oswa nan teren endividyèl yo.
14. Jadinye nan chak jaden ka adopte règleman jaden espesifik anplis pou jaden yo a.
15. Vil la pa fè diskriminasyon poutèt andikap, epi sou demann, l ap bay èd ak sèvis pou asistans, materyèl ekri nan lòt fòm, ak modifikasyon rezonab nan règleman ak pwosedi pou moun ki andikape yo.
16. Vil Cambridge rezève dwa pou revize règleman sa a nenpòt ki lè.